



Health Talk

Vwayaj ou pou vin gen pi bon sante

iStock.com/AsaVision




Prentan 2024

United
Healthcare
Community Plan

Sa ki anndan l

Èske w konnen ki medikaman plan asirans ou an kouvri? Gade Paj 4 pou detay sou benefis pou medikaman sou preskripsyon w yo.




Direktiv pou swen

Pi bon swen an

Zouti pou pi bon swen

Nou bay founisè nou yo zouti, pou yo ka bay manm nou yo pi bon swen ki genyen. Yo rele zouti sa yo direktiv pou pratik klinik. Yo pataje pi bon pratik sou fason pou jere maladi epi ankouraje byennèt nan domèn sante.

Direktiv yo kouvri swen pou plizyè maladi ak pwoblèm sante tankou maladi sik, tansyon wo ak depresyon. Yo bay konsèy tou sou fason pou rete an sante ak rejim ki apwopriye, egzèsis ak vaksen. Pou plis enfòmasyon, vizite [uhcprovider.com/cpg](https://www.uhcprovider.com/cpg).



UnitedHealthcare Community Plan
PO Box 31349
Salt Lake City, UT 84131

UNHC-114-FL-CAID-HAI
CSFL24MD0169795_000



istock.com/VioletaStoimenova

Egalite nan kesyon sante

An tout sekirite

Fason nou itilize epi pwoteje bezwen lengistik, kiltirèl ak sosyal yo

Nan UnitedHealthcare®, nou ede koòdone swen w atravè tout founisè swen medikal ou yo. Pou n ka fè sa, nou resevwa epi pataje enfòmasyon enpòtan sou ou. Sa ka gen ladan l ras ou, etnisite w, lang ou pale, idantite seksyèl ou, oryantasyon seksyèl ou ak bezwen sosyal ou. Done sa a ansanm ak lòt enfòmasyon sou ou se enfòmasyon medikal ki pwoteje (ann anglè PHI). Nou ka pataje enfòmasyon sa a avèk founisè swen medikal yo nan kad tretman, pèman ak operasyon yo. Sa ede nou satisfè bezwen swen medikal ou yo.

Kèk egzanp sou fason nou ka itilize enfòmasyon sa a pou amelyore sèvis nou yo gen ladan l:

- Pou jwenn ti mankman ki genyen nan swen
- Pou ede w nan lòt lang apade anglè
- Pou kreye pwogram ki satisfè bezwen w yo
- Pou di founisè swen sante w yo ki lang ou pale

Nou pa sèvi ak done sa a pou refize kouvèti oswa limite benefis yo. Nou pwoteje enfòmasyon sa a menm jan nou pwoteje tout lòt PHI (enfòmasyon sante ki pwoteje). Yo limite aksè pou anplwaye pou sa yo ki bezwen sèvi avè l sèlman. Bilding nou yo ak òdinatè nou yo sekirize. Modpas òdinatè ak lòt pwoteksyon sistèm yo kenbe done w yo an sekirite.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason nou pwoteje done kiltirèl ou yo, vizite [uhc.com/about-us/rel-collection-and-use](https://www.uhc.com/about-us/rel-collection-and-use). Pou plis enfòmasyon sou pwogram sante ekitab nou an, vizite [unitedhealthgroup.com/what-we-do/health-equity.html](https://www.unitedhealthgroup.com/what-we-do/health-equity.html).

Manyèl pou Manm

Tout bagay sou plan sante w

Èske w te li Manyèl Manm ou an? Li se yon gwo sous enfòmasyon. Li di w kijan pou w itilize plan w lan. Li esplike:

- Dwa ak responsablite w antanke manm
- Benefis ak sèvis ou genyen yo
- Benefis ak sèvis ou pa genyen yo (esklizyon)
- Ki sa w ka gen pou w peye pou swen sante
- Ki jan pou w jwenn enfòmasyon sou founisè nan rezo a
- Ki jan benefis medikaman sou preskripsyon w yo fonksyone
- Ki sa pou w fè si w bezwen swen lè w andeyò vil kote w rete a
- Ki lè e ki jan ou ka jwenn swen nan men yon founisè ki pa nan rezo a
- Ki kote, ki lè ak ki jan pou jwenn swen primè, apre lè travay, pou sante konpòtmantal, espesyalite, lopital ak swen nan kadrijans
- Politik nou sou lavi prive

- Ki sa pou w fè si w resevwa yon fakti
- Fason pou w pote yon plent oswa fè apèl kont yon desizyon sou kouvèti a
- Fason pou mande pou yon entèprèt oswa pou w jwenn lòt èd ak lang oswa tradiksyon
- Ki jan plan an decide si nouvo tretman oswa teknoloji yo kouvri
- Ki jan pou m rapòte fwod ak abi



Jwenn tout enfòmasyon. Ou ka li Manyèl Manm yo sou Entènèt la nan myuhc.com/communityplan/benefitsandcvg. Oswa rele sèvis manm nan gratis nan nimewo telefòn ki nan Paj 8 la pou w mande yon kopi.

Benefis plan an

N ap pran swen w

Nou vle asire w ou jwenn swen ou bezwen an lè w bezwen l. Si w bezwen èd pou w ale nan biwo founisè w la, nou ka ede w. Plan sante nou an ofri avantaj transpò pou mennen w nan randevou w yo. Rele Sèvis Manm lan nan nimewo telefòn ki nan Paj 8 la pou jwenn plis enfòmasyon.

Si w bezwen wè yon founisè touswit, ou ka jwenn swen apre lè travay nan sant swen ijan yo. Nou gen tou yon NurseLine ou ka rele nenpòt lè — 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Vizit pa mwayen Entènèt yo disponib tou.

Pou jwenn yon founisè oswa chèche sant swen ijan ki toupre w, vizite connect.werally.com/state-plan-selection/uhc.medicaid/state. Oswa itilize aplikasyon UnitedHealthcare la.

Preskripsyon yo

Benefis medikaman w yo

Sa w bezwen konnen

Vizite sitwèb nou an pou w aprann sou benefis medikaman sou preskripsyon w yo. Li gen ladan l enfòmasyon sou:


- 1. Ki medikaman ki kouvri.** Gen yon lis medikaman ki kouvri yo. Ou ka bezwen sèvi ak yon medikaman jenerik nan plas yon medikaman orijinal la.
- 2. Ki kote pou w ranpli preskripsyon w yo.** Ou ka jwenn yon famasi toupre w ki aksepte plan w lan. Ou ka anmezi tou pou jwenn kèk medikaman pa lapòs.
- 3. Règ ki ka aplike.** Gen kèk medikaman ki ka kouvri sèlman nan sèten ka. Pa egzanp, ou ta ka bezwen eseye yon lòt medikaman anvan. (Yo rele sa yon terapi pa etap.) Oswa ou ka bezwen apwobasyon nan men UnitedHealthcare pou w itilize yon medikaman. (Yo rele sa otorizasyon alavans.) Kapab genyen tou limit nan kantite ou ka jwenn pou sèten medikaman.
- 4. Ou pa gen pou w peye anyen.** Ou pa gen kopèman pou preskripsyon yo.



istock.com/Lyndon Stratford



Chèche l. Jwenn enfòmasyon sou benefis medikaman ou yo nan myuhc.com/communityplan/pharmaciesandrx. Oswa rele Sèvis Manm nan gratis nan nimewo telefòn ki nan Paj 8 la.



Jesyon itilizasyon

Bonjan swen an

Jesyon itilizasyon (UM) ede asire w ou resevwa bonjan swen ak sèvis lè w bezwen sa. Anplwaye UM nou yo egzamine sèvis founisè w la mande yo. Yo konpare swen ak sèvis founisè w la mande yo ak direktiv pratik klinik yo. Yo konpare tou sa yo mande yo ak benefis ou yo.

Lè benefis ou yo pa kouvri swen an, yo ka refize l. Yo ka refize l tou lè li pa satisfè direktiv pratik klinik yo. Nou pa peye oswa rekonpanse founisè nou yo oswa anplwaye nou yo paske yo refize sèvis oswa apwouve mwens swen. Si yo refize swen, ou menm ak founisè w la gen dwa pou fè apèl. Lèt refi a pral di w ki jan pou w fè sa.

Si w gen nenpòt kesyon, rele Sèvis Manm nan gratis nan nimewo telefòn ki nan Paj 8 la. Sèvis TTY ak asistans lang disponib si w bezwen yo.

Zouti sante

Pòte w byen

Pwogram pou ede jere sante w

UnitedHealthcare Community Plan ofri pwogram ak sèvis pou ede w rete an sante. Nou gen sèvis tou pou ede pi byen jere maladi ak lòt bezwen swen. Sa yo fè pati pwogram sante popilasyon nou an. Yo ka genyen ladan yo:

- Edikasyon sou sante ak kèk rapèl
- Sipò ak edikasyon matènite
- Sipò pou pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans
- Pwogram pou ede w ak bezwen sante konplèks (manadjè swen yo travay avèk founisè w la ak lòt ajans ekstèn)

Pwogram sa yo pa obligatwa. Yo ofri w yo gratis. Ou ka chwazi sispann nenpòt pwogram nan nenpòt ki lè.



Jwenn plis enfòmasyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram yo ak sèvis nou yo nan myuhc.com/communityplan/healthwellness. Si w vle fè yon rekòmandasyon nan pwogram jesyon swen nou an, rele Sèvis Manm nan gratis nan nimewo telefòn ki nan Paj 8 la.

iStock.com/Moyo Studio



Èd nan lang

Bezwen kominikasyon

Nou bay sèvis gratis pou ede ou kominike avèk nou. Nou kapab voye enfòmasyon pou ou nan lòt lang ki pa Anglè oswa nan fòma gwo karaktè. Ou kapab mande yon entèprèt. Pou mande èd, tanpri rele Sèvis Manm yo gratis nan nimewo telefòn ki nan Paj 8 la.

We provide free services to help you communicate with us. We can send you information in languages other than English or in large print. You can ask for an interpreter. To ask for help, please call Member Services toll-free at the phone number on Page 8.

Proporcionamos servicios gratuitos para ayudarle a comunicarse con nosotros. Podemos enviarle información en idiomas distintos al inglés o en letra grande. Puede solicitar un intérprete. Para solicitar ayuda, llame a la línea gratuita de Servicios para miembros al número que aparece en la Página 8.

Aplikasyon pou manm

Konekte

Avèk aplikasyon gratis UnitedHealthcare la, ou ka gen aksè ak enfòmasyon plan w lan nenpòt kote w ye. Ou kapab:

- Jwenn sant pou swen ijan toupre w
- Chèche founisè nan zòn ou an
- Gen aksè ak dokiman plan an, ikonpri kat idantifikasyon manm ou an, antesedan medikal ak reklamasyon
- Gen aksè ak preskripsyon yo
- Gade pwogram ak sèvis plan an



Telechaje jodi a. Jwenn aplikasyon UnitedHealthcare la sou App Store® oswa Google Play™.

Sitwèb nou an

Senpleman pou ou


Jwenn enfòmasyon pèsonalize sou plan asirans

Lè w enskri pou itilize sitwèb manm nou an, ou pral jwenn zouti pou ede w itilize plan w lan. Ou kapab:

- Wè kat idantifikasyon manm ou an nenpòt lè
- Jwenn èd pou itilize benefis ou yo
- Jwenn yon founisè oswa famasi toupre w
- Mete ajou preferans ou yo pou resevwa mesaj jan w vle a, san wete mesaj tèks ak imèl



Enskri jodi a. Sa pran sèlman kèk minit. Ansuit ou ka konekte nenpòt lè. Pou kòmanse, vizite myuhc.com/communityplan.



iStock.com/inside Creative House

Swen primè

Pran bagay yo an chaj

Prepare w pou vizit founisè w la ka ede w pi byen pwofite vizit la. Konsa w kapab asire w founisè w la konnen tout swen w ap resevwa yo. Men 4 fason ou ka pran bagay yo an chaj pou swen sante w:

- 1. Reflechi sou sa ou vle pwofite de vizit la anvan w ale.** Konsantre sou 3 bagay ou bezwen yo ede w ak yo.
- 2. Fè founisè w la konnen nenpòt medikaman oswa vitamin w ap pran.** Pote yon lis alekri. Oswa pote medikaman w ap pran yo kounye a. Mansyone ki moun ki te preskri w yo.
- 3. Fè founisè w la konnen lòt founisè w wè yo.** Mete founisè sante konpòtmantal yo ladan l. Pote kopi tout rezilta tèst oswa plan tretman lòt founisè yo.
- 4. Si w te nan lopital oswa sal dijans (ER), wè founisè w la pi vit sa posib apre w fin ale lakay ou.** Pataje enstriksyon egzeyat ou yo avèk yo. Yon bon suivi ka anpeche w al entèn lopital ankò oswa ale nan sal dijans lan.

istock.com/Prostock-Studio

Objektif plan asirans lan

Kalite siperyè

Nou vle sa ki miyò pou ou

UnitedHealthcare Community Plan genyen pwogram pou amelyore kalite. Li travay pou bay manm yo meyè swen ak sèvis medikal. Chak ane nou fikse kèk objektif. Ansuit nou mezire nan ki degre nou atenn yo.

Kèk nan objektif nou yo fokalize sou fason nou amelyore kantite sèvis manm nou yo ki ansent ak timoun yo resevwa. Sèvis

sa yo gen ladan yo vizit aprè akouchman, egzamen sante ak vaksinasyon. Lòt objektif yo fokalize sou fason nou asire nou moun ki gen kèk maladi — tankou dyabèt — jwenn tèst yo bezwen. Pafwa yon manm bezwen ale lopital oswa nan yon sal dijans pou yon pwoblèm sante mantal. Lè sa rive, objektif nou se pou yo wè yon pwofesyonèl nan domèn sante mantal lè yo al lakay yo.

Epitou nou fè yon sondaj ak manm nou yo chak ane. Nou vle wè fason yo santi yo konsènan plan asirans nou an. Nou itilize fidbak ou yo pou nou amelyore sèvis nou ofri yo, ikonpri rezon founisè

nou an ak sèvis kliyan. Ane sa a n ap travay sou fason pou n amelyore eksperyans dijital manm nou yo.

Ou vle plis enfòmasyon sou pwogram amelyorasyon kalite nou yo ak rezilta yo? Rele Sèvis Manm lan gratis nan nimewo telefòn ki nan Paj 8 la.



Resous pou manm yo

Nou la pou ou

Nou vle rann li pi fasil jan sa posib pou w jwenn pi plis nan plan sante w la. Antanke manm nou, ou gen anpil sèvis ak benefis ki disponib pou ou.

Sèvis Manm: Jwenn èd ak kesyon ak enkyetid ou yo. Jwenn yon founisè swen sante oswa yon sant swen ijan, poze kesyon sou benefis oswa jwenn èd pou w pran yon randevou, nan nenpòt lang (gratis).
1-888-716-8787, TTY 711

Sitwèb nou an: Sitwèb nou an kenbe tout enfòmasyon sou sante w yon sèl kote. Ou ka jwenn yon founisè swen sante, wè benefis ou yo oswa wè kat idantite manm ou, kèlkeswa kote w ye.

myuhc.com/communityplan

Aplikasyon UnitedHealthcare:

Jwenn enfòmasyon sou plan sante w la pandan w an depasman. Gade kouvèti w ak benefis ou yo. Jwenn founisè nan rezo a ki tou pre. Gade kat idantite manm ou an, jwenn direksyon pou al nan biwo founisè w la ak plis ankò.

Telechaje sou App Store® oswa Google Play™

NurseLine: Jwenn konsèy sou sante nan men yon enfimye 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, san w pa peye (gratis).
1-877-552-8105, TTY 711

Quit For Life: Jwenn èd gratis pou sispann fimen (gratis).
1-866-784-8454, TTY 711
quitnow.net



istock.com/Mindful Media

Transpò: Ou ka anmezi pou jwenn woulib pou aleritou nan vizit medikal ak aleritou nan famasi. Pou planifye yon woulib, rele Modivcare.
1-866-372-9891,
TTY 1-844-488-9724

Jesyon swen: Pwogram sa a se pou manm ki gen maladi kwonik ak bezwen konplèks. Ou ka jwenn apèl nan telefòn, vizit lakay, edikasyon sou sante, referans nan resous kominotè, rapèl randevou, èd pou jwenn woulib ak plis ankò (gratis).
1-888-716-8787, TTY 711
8 a.m.–5 p.m., Lendi–Vandredi

Live and Work Well: Jwenn kèk atik, zouti pou pran swen tèt ou, founisè ki atantif, ak resous pou sante mantal ak izaj sibstans.
liveandworkwell.com

Assurance Wireless: Jwenn done, minit ak mesaj tèks san limit ak gwo vitès chak mwa. Plis yon telefòn entèlijan Android™ gratis.
assurancewireless.com/partner/buhc

Healthy First Steps®: Jwenn sipò pandan tout gwosès ou ak rekonpans pou swen alè anvan akouchman ak swen tibebe (gratis).
1-800-599-5985, TTY 711
uhchealthyfirststeps.com

Go digital: Enskri pou w resewva imèl, mesaj tèks ak fichye nimerik pou w resewva enfòmasyon sou sante w pi vit.
myuhc.com/communityplan/preference

UnitedHealthcare does not discriminate on the basis of race, color, national origin, sex, age or disability in health programs and activities.

This information is available for free in other languages, such as letters in other languages, large print, or you can ask for an interpreter. Please contact our customer service number at **1-888-716-8787**, TTY/TTD **711**, 8 a.m.–7 p.m., Monday–Friday.

Spanish

Esta información está disponible de forma gratuita en otros idiomas como cartas en otros idiomas, letra grande, o puede pedir un intérprete. Por ejemplo, letras en otros idiomas o letra grande. También puede solicitar un intérprete. Por favor, póngase en contacto con nuestro número de servicio al cliente en **1-888-716-8787**, TTY/TTD **711**, de 8 a.m. a 7 p.m. de lunes a viernes.

Haitian Creole

Enfòmasyon sa a ki disponib pou gratis nan lòt lang tankou lèt nan lòt lang, gwo lèt, oswa ou ka mande yon entèprèt. Tankou, lèt nan lòt lang oswa gwo lèt. Oswa, ou ka mande yon entèprè. Souple kontakte nimewo sèvis Kliyantèl nou nan **1-888-716-8787**, **711** TTY/TTD, 8 a.m. rive 7 p.m., Lendi rive Vandredi.